



Antretyen Ensineratè ak Sistèm ak Ekipman pou Ranvesman Fatra ak Lesiv

Estanda NFPA 82 pou Ensineratè , Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv

Anba a gen plizyè egzijans ki make ki sòti nan NFPA 82 konsènan “Ekipman ak Sistèm pou Ranvèsman fatra ak Lesiv” pou Pwopriete Rezidans Plizyè Fanmi.

Pòt Tinèl Ranvèsman

1. Anba tinèl ranvèsman an dwe pwoteje pa yon pòt otomatik oswa yon pòt ki fèmen pou kont li, oswa yon regilatè pou dife nan konstriksyon ki ekivalan avek klasifikasyon ouvèti pwoteksyon kont ensandi pou tinèl ranvèsman an.
2. Pòt tinèl pou ranvèsman an pa sipoze gen yon lòk
3. Pòt pou tinèl ranvèsman an oswa regilatè ensandi a dwe gen pèmisyon pou rete ouvè pa yon lyen an metal

Pòt Aksè pou Ranvèsman

1. Tout pòt aksè pou tinèl ranvèsman dwe gen yon pòt ki fèmen pou kont li ak yon pòt kont ensandi ki gen vewouyaj ki pa bloke
2. Tout pòt aksè pou tinèl ranvèsman pou fatra ak lesiv dwe gen yon pòt ki fèmen pou kont yo, ak vewouyaj, ak pòt kont ensandi

Konpatman Tinèl Ranvèsman

1. Tinèl pou ranvèsman an dwe abouti oswa ranvèse dirèkteman nan yon pyès ki gen yon minimòm to rezistans ki pa mwens ke sa ki espesifye pou konpatman tinèl la.
2. Ouvèti nan yon pyès tinèl ranvèsman an dwe gen yon pòt kont ensandi ki fèmen pou kont li ki apwouv e ki gen yon minimòm to rezistans ki pa mwens ke sa ki espesifye pou konpatman tinèl la





Antretyen Ensineratè ak Sistèm ak Ekipman pou Fatra ak Lesiv Estanda NFPA 82 pou Ensineratè , Sistèm ak Ekipman pou Fatra ak Lesiv

Pyès Admisyon Tinèl Ranvèsman

1. Chak kote ki resevwa bagay ki jete nan tinèl ranvèsman an dwe nan yon pyès ki separe ak bilding nan pa yon mi, klwazon, etaj, oswa asanbleman twati yon etaj ki gen yon to rezistans ensandi ki pa mwens ke to ki egzije pou konpatman tinèl ranvèsman an
2. Ouvèti sou yon pyès admisyon tinèl ranvèsman an dwe pwoteje pa yon pòt otomatik kont ensandi ki gen yon to rezistans kont ensandi jan ki swiv la:
 - a) To rezistans kont ensandi inè edemi de tan pou de zè de tan to rezistans ensandi pou konpatman an
 - b) Twa ka (3/4) to pwoteksyon ensandi pou inè to rezistans ensandi pou konpatman

Awozwa Otomatik kont Ensandi

1. Tinèl ranvèsman dwe pwoteje pa awozwa otomatik entèn, sof si tinèl la fèt an masonri oswa an metal e reponn ak paragraj 6.2.2.5 oswa 6.2.2.6.
2. Yon awozwa dwe enstale sou, oswa anlè tèt tinèl la
3. Awozwa otomatik ki enstale nan tinèl ranvèsman an dwe lwen de zòn kote materyèl la ap vide
4. Yon awozwa dwe enstale nan tinèl la nan yon etaj altènatif nan yon tinèl ki konekte plis ke de etaj, ak yon awozwa abligatwa ki localize nan etaj sèvis ki pi ba a.





Antretyen Ensineratè ak Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv Estanda NFPA 82 pou Ensineratè , Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv

Tinèl ranvèsman dechè ak lesiv ak sytèm transpò ki enkli admisyon ak pòt pou ranvèsman an, dwe enspekte e antreteni pa mwens ke chak ane e dwe an akò ak enstriksyon fabrik la.

Si pòt tinèl ranvèsman an ekipe ak yon koneksyon an metal, sa ki swiv yo dwe aplike:

1. Enspekte koneksyon an pou asire ke li pa pentire oswa kouvri ak ni pousyè, oswa grès
2. Evalye kondisyon chèn ak kab yo, tout sa ki sekwe, andedan ak lòt aparèy k ap opere swit a yon koneksyon yon lyen k ap fonn pou verifye si li fonksyone (sètadi, pa sipoze gen kab ki andomaje, makonnen, tòde oswa chèn ki pa fleksib).
3. Retire lyen an pou fè tès chak 4 an pou asire ke li byen fèmen e pa bloke.
4. Reenstale lyen an aprè ou fin konplete tès la
5. Ranplase lyen an si li andomaje oswa pentire avèk yon lyen ki gen menm grosè, menm tanperati, e ka pran menm kapasite.

Yon tinèl ranvèsman pou dechè ak lesiv dwe pwolonje (grosè maximòm) omwens a 0.92 m (3 pye) anlè tèt bilding Konstriksyon Tip II-000, Tip III, Tip IV, oswa Tip V.

- Tinèl ranvèsman an dwe gen otorizasyon pou li pwolonje mwens ke 0.92 m (3 pye) anlè tèt bilgind nan pou konstriksyon Tip I, Tip II-222, oswa Tip II-111 ki mande aprobasyon AHJ.
- Tinèl ranvèsman an dwe ouvè sou deyò, ak ouvèti a ki sipoze nan menm zòn ki travèse tinèl la.

Yon dosye a lekri de enspeksyon an dwe siyen e rete pou enspeksyon pa AHJ.

Sistèm ki gen yon defisyans, dwe ranpli kondisyon ki endike anwo a.

Pou plis enfòmasyon sou Pwoteksyon kont Ensandi peze la a



Antretyen Ensineratè ak Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv Estanda NFPA 82 pou Ensineratè , Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv

Pyès Admisyon Tinèl Ranvèsman

1. Chak kote ki resevwa bagay ki jete nan tinèl ranvèsman an dwe nan yon pyès ki separe ak bilding nan pa yon mi, klwazon, etaj, oswa asanbleman twati yon etaj ki gen yon to rezistans ensandi ki pa mwens ke to ki egzije pou konpatman tinèl ranvèsman an
2. Ouvèti sou yon pyès admisyon tinèl ranvèsman an dwe pwoteje pa yon pòt otomatik kont ensandi ki gen yon to rezistans kont ensandi jan ki swiv la:
 - a) To rezistans kont ensandi inè edemi de tan pou de zè de tan to rezistans ensandi pou konpatman an
 - b) Twa ka (3/4) to pwoteksyon ensandi pou inè to rezistans ensandi pou konpatman

Awozwa Otomatik kont Ensandi


1. Tinèl ranvèsman dwe pwoteje pa awozwa otomatik entèn, sof si tinèl la fèt an masonri oswa an metal e reponn ak paragraj 6.2.2.5 oswa 6.2.2.6.
2. Yon awozwa dwe enstale sou, oswa anlè tèt tinèl la
3. Awozwa otomatik ki enstale nan tinèl ranvèsman an dwe lwen de zòn kote materyèl la ap vide
4. Yon awozwa dwe enstale nan tinèl la nan yon etaj altènatif nan yon tinèl ki konekte plis ke de etaj, ak yon awozwa obligatwa ki localize nan etaj sèvis ki pi ba a





Antretyen Ensineratè ak Sistèm ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv

Estanda NFPA 82 pou Ensineratè , System ak Ekipman pou Dechè ak Lesiv



Tinèl Ranvèsman dwe avek balans sòf si li nesesè depandaman de Kondisyon Bilding nan asanm ak Apwobasyon AHJ a.

